

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa jatidiri hiji bangsa anu arbitrér. Nurutkeun Kridalaksana dina Chaer (2007:32), basa nya éta sistem lambang sora anu arbitrér anu dipaké ku kelompok sosial pikeun gawé bareng, komunikasi, jeung mangrupa cicirén jatidiri hiji budaya. Basa mangrupa alat komunikasi anu dipaké ku kelompok anu tangtu anu miboga sistem lambang sora anu sarua pikeun ngalancarkeun tujuan komunikasi. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Corder dina Alwasillah (1993:09) anu nétélakeun yén

“kita bisa berkomunikasi dengan orang-orang hanya karena mereka bersama kita memiliki seperangkat cara bertingkah laku yang ‘terseperangkat’. Basa dalam arti ini merupakan milik satu kelompok sosial, seperangkat aturan yang mutlak diperlukan yang memungkinkan para anggotanya berhubungan satu sama lainna, berinteraksi satu sama lainna, bekerja satu sama lainna: basa adalah satu lembaga sosial”.

Unggal basa miboga ciri has anu béda jeung basa lianna, tapi unggal basa miboga fungsi anu sarua. Nurutkeun Halliday dina Tarigan (2009:05-07) nétélakeun tujuh fungsi basa, di antarana (1) fungsi instrumental, (2) fungsi regulasi, (3) fungsi representasional, (4) fungsi interaksional, (5) fungsi personal, (6) fungsi heuristik, jeung (7) fungsi imajinatif. Fungsi basa anu 7 miboga peranan anu penting dina kahirupan sapopoe, hususna fungsi interaksional. Fungsi interaksional mangrupa fungsi basa pikeun ngalancarkeun komunikasi basa, kusabab dina fungsi interaksional diperlukeun pangaweruh sangkan komunikasi lancar sanajan ngagunakeun sababaraha sistem basa anu béda. Sistem basa anu ragem disababkeun budaya anu ragem ogé. Kaayan budaya di Indonésia anu ragem bakal ngabalukarkeun basa anu ragem ogé.

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daérah di Indonésia. Basa Sunda mangrupa basa indung urang Sunda anu digunakeun pikeun komunikasi urang Sunda anu ditangtayungan ku perda no. 5 taun 2003. Anu eusina ngeunaan ngamumulé basa, aksara, jeung budaya Sunda.

Basa Sunda miboga dialék anu ragem, di antarana dialék kuningan, cirebon, tasik, indramayu, jeung sajabana. Ieu hal ngabalukarkeun munculna masalah anyar dina komunikasi basa. Pikeun ngalancarkeun komunikasi sarta ngahontal tujuan jeung eusi komunikasi anu hayang ditepikeun, digunakeun basa Nasional sangkan henteu ngabalukarkeun salah persépsi. Basa Sunda ilaharna digunakeun dina situasi anu non-formal, contona dina kahirupan sapopoé, surat pribadi, sarta dina kagiatan-kagiatan non-formal lianna. Sedengkeun basa Nasional ilaharna digunakeun dina situasi anu formal, contohna dina kagiatan diajar di sakola, surat dines, kagiatan-kagiatan protokoler jeung kagiatan formal lianna.

Ku kituna basa anu dipaké pikeun panganteur dina pangajaran ngunakeun basa Nasional. Pangajaran basa di sakola miboga tujuan sangkan siswa ngawasa opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Opat kaparigelan basa miboga dua sipat nya éta sipat pasif anu ngawengku kaparigelan ngaregepkeun jeung maca, sarta sipat aktif anu ngawengku kaparigelan nyarita jeung nulis. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu miboga sipat aktif jeung produktif. Hartina nulis mangrupa kagiatan aktif waktu nyangkem informasi anu ditarima sarta produktif méré informasi anu diwuwuhan ku pangaweruh, pikeun nyusun rangaka tulisan sangkan bisa jadi informasi anu miboga mangpaat. Salah sahiji kaparigelan nulis anu diajarkeun ditingkat SMP kelas VII nya éta nulis biografi.

Kaparigelan nulis biografi geus diatur dina kurikulum basa Sunda pikeun siswa SMP kelas VII, sangkan siswa bisa ngedalkeun eusi haté boh mangrupa pamikiran boh mangrupa gagasan boh mangrupa ngawanohkeun diri maké basa Sunda. Tapi kanyataana, siswa SMP kelas VII masih kénéh loba anu ngagunakeun sistem basa séjen dina nyieun biografi basa Sunda. Éta masalah alatan kawatesana

kamampuh siswa dina ngagunakeun kandaga kecap basa Sunda. Ku kituna loba siswa anu masih kénéh macorokeun sistem basa séjén dina sistem basa Sunda. Masalah kawas anu dialaman ku siswa disababkeun siswa mangrupa masarakat dwibahasawan.

Ku ayana masarakat dwibahasawan bakal ngabalukarkeun gejala kontak basa. Kontak basa mangrupa gejala sosial anu muncul balukar ayana dua sitem basa anu béda dina diri panyatur waktu komunikasi boh sacara lisan boh sacara tinulis. Kontak basa bakal ngabalukarkeun sababaraha masalah, di antarana campur kode, alih kode, integrasi jeung interférénsi. Éta masalah mangrupa asupna unsur basa séjén kana hiji basa anu ngabalukarkeun kagangguna sistem basa anu dipangaruhanana boh dina basa lisan boh dina basa tulisan. Interférénsi mangrupa salah sahiji masalah anu disababkeun ayana gejala kontak basa.

Salian tina faktor kontak basa, interférénsi bisa muncul balukar kurangna kamampuh ngagunakeun kandaga kecap hiji basa ku saurang panyatur dina komunikasi. Interférénsi basa awalna balukar dina wangun lisan, gelar dina wangun kecap anu satuluyna turun dina wangun tinulis.

Alwasillah (1985: 131) nétélakeun wangenan interférénsi nurutkeun rumusan Hartman jeung Stonk, yén interférénsi mangrupa kasalahan anu muncul kusabab ayana kabiasaan maké ujaran hiji basa dina basa lianna waktu komunikasi dina widang tata sora, tata basa, jeung kandaga kecap. Interférénsi miboga dampak positip jeung negatif.

Hocket (dina Chaer jeung Agustin, 2004:128) nétélakeun dampak positip tina interférénsi mangrupa gejala anu gedé, sarta penting, ogé paling dominan dina kamajuan basa. Éta pamadegan méré sawangan yén dina gejala interférénsi, basa anu kapangaruhan bisa leuwih mekar nepi ka dianggap geus sampurna pikeun ngigelan jaman. Sedengkeun dampak negatif tina ayana interférénsi nya éta bisa ruksakna sistem basa anu dipangaruhanana. Salian ti éta, basa anu dipangaruhanana bisa leungit kalindih ku basa anu mangaruhanana.

Ayana masalah interférénsi dina komunikasi lisan jeung tulisan panyatur basa, bisa ngabalukarkeun siswa leuwih taliti pikeun milih kecap anu baris dipake

dina komunikasi lisan jeung tinulis. Dipiharep siswa bisa leuwih lancar dina maké dua basa anu dikawasana dina kagiatan nulis atawa nyarita.

Tapi dina kaayaan siswa waktu komunikasi boh dina wangun lisan boh dina wangun tinulis, masih loba kénéh kapanggih kasalahan ngalarapkeun sistem basa séjén dina sistem basa Sunda. Ku kituna diperlukeun ayana panalungtikan ngeunaan interférénsi sangkan leuwih maham kana sistem basa anu digunakeun.

Dina panalungtikan saacana, aya sababaraha panalungtikan ngeunaan interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda. Salah sahijina panalungtikan meunang Linda Nurmalasari (2009) anu judulna “*Interférénsi Léksikal Basa Indonésia Jeung Basa Jawa Kana Basa Sunda Dina Karangan Eksposisi Siswa Kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi*”. Salian ti éta aya panalungtikan meunang Teten Sutendi (2010) anu judulna “*Interférénsi Léksikal Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Ciawigebang Kab. Kuningan*”.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus aya, sasaruana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacana nya éta sarua nalungtik ngeunaan gejala sosiolinguistik anu disababkeun ku ayana kontak basa anu ngabalukarkeun munculna interférénsi basa. Salian ti éta sasaruana ditilik tina analisis, sarua nganalisis dina tatanan léksikal. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacana, nya éta ieu panalungtikan nalungtik ogé interférénsi dina widang fonologis, morfologis, jeung sumber data anu digunakeun pikeun ngajaring data primer anu ngagunakeun tulisan biografi séwang-séwangan (otobiografi).

Sanajan intérfénsi basa dina tulisan kawilang saeutik, tapi lainna hartina teu penting. Sabab unggal basa nu kapangaruhan basa lianna bisa ngabalukarkeun basa aslina leungit sarta ganti ku basa anu mangaruhanana. Kasalahan dina wangun tulisan jarang katempo, tapi kabisaan basa lisan bisa kabawa kana basa tulisan. Ku kituna panalungtikan anu judulna “*Interferensi Basa Indonesia Kana Basa Sunda Dina Nulis Biografi Pribadi (Otobiografi) Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung*” dilaksanakeun.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina ulikan basa ngeunaan interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda aya sababaraha masalah, boh dina basa tulisan boh dina basa lisan. Disawang tina tatanan basa, interférénsi kabagi kana interférénsi fonologi, interférénsi gramatikal, interférénsi semantik, sarta interférénsi leksikal. Dina wangun gramatikal, interférénsi kabagi jadi dua nya éta interférénsi morfologis jeung interférénsi sintaksis. Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesan ngeunaan interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina wangun tulisan anu aya dina tatanan fonologis, morfologis jeung léksikal.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, masalah nu muncul dina ieu panalungtikan di antarana:

- a) Wanda interférénsi naon waé anu muncul dina karangan biografi pribadi (otobiografi) siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung ?
- b) Interférénsi fonologis, morfologis, jeung leksikal basa Sunda naon waé anu kapangaruhan ku basa Indonésia dina karangan biografi pribadi (otobiografi) siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung ?
- c) Faktor naon waé nu ngabalukarkeun munculna interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung masalah anu tos dijéntrékeun di luhur, ku kituna ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a) Wanda interférénsi anu muncul dina karangan biografi pribadi (otobiografi) siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung.
- b) Interférénsi fonologis, morfologis, jeung leksikal basa Sunda anu kapangaruhan ku basa Indonésia dina karangan biografi pribadi (otobiografi) siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung.
- c) Faktor anu ngabalukarkeun munculna interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Manpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan miboga manpaat:

1. Pikeun mikawanoh interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda.
2. Bisa méré sumbangan analisis pikeun kamajuan paélmuhan kabasaan basa Sunda.

1.4.2 Manpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga manpaat pikeun bahan ajar dina lumangsungna kagiatan pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Anapon babagian raraga ieu tulisan dibagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I Bubuka anu ngawengku; kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Téori anu medar ngeunaan téori-téori anu aya patalina jeung interférénsi, nulis, jeung biografi nu jadi dadasar panalungtikan.

Bab III Méthode panalungtikan anu medar léngkah atawa cara dina ngalaksanakeun panalungtikan, sarta ngarincikeun sumber data.

Bab IV Analisis Data, medar ngeunaan data sacara faktual sarta hasil panalungtikan timimiti data analisis nepi ka hasil analisis data.

Bab V Kacindikan jeung Saran, mangrupa hasil kacindekan tina panalungtikan sarta saran pikeun pihak-pihak anu aya hubunganana.

